

VAKSINASYON POU TIMOUN 5 A 11 AN KONT COVID-19 LA

Zouti pou paran ak fanmi yo pou kore yo nan pran desizyon yo, nan anbians vaksinasyon timoun 5-11 an kont COVID-19 la nan Quebec

Créole

REZIME KONESANS SYANTIFIK DISPONIB YO

COVID-19 ak timoun ki gen 5 a 11 an

- Pwoblèm medikal yo ki mare ak COVID-19 la pou timoun de 5 a 11 lane yo pa grav - Pou 35,000 ka depi kòmansman pandemi an nan Quebec, gen 52 moun ki entène lopital ak zewo lanmò (enfòmasyon ki soti 16 oktòb 2021). Men, timoun 5-11 an yo sete gwoup laj ki te gen plis ka pou chak 100,000 moun pandan 4e Vag la.
- *Sentòm nou jwenn pi souvan yo - lafyèv, tous, pa pran sant ankò, fatig*
- *Konplikasyon posib - difikilte pou respire, konfizyon, doulè nan pwatrin*
- *Sendwòm enflamatwa miltisistemik kay timoun (SIME) - Yon konsekans ki ra anpil men ki grav nan COVID-19 la ki rive kèk semèn apre enfeksyon an: reyaksyon iminitè sa a atake pliziè ògàn (sèvo, ren, fwa, po, kè). Nan Kanada, yo te rapòte 6 ka entène lopital pou chak 100,000 timoun (ant mas 2020 ak me 2021).*
- *COVID-long - Egzistans COVID long kay timoun yo pa klè: 1 a 4% nan timoun ki te gen COVID-19 ta gen sentòm pèsistan ki sanble ak COVID long la (fatig, feblès, pwoblèm pou dòmi, difikilte pou respire ak konsantrè), men pa gen okenn prèv ki montre se COVID-19 ki kòz sentòm sa yo.*
- *Lèt konsekans pou timoun yo - Pandemi an ak mezi sanitè yo derange òganizasyon lekòl la, fanmi an ak aktivite paraskolè yo ki ka gen move zefè sou sante mantal, devlopman sikososyal ak siksè eskolè kèk timoun.*

Avantaj vaksinen timoun yo kont COVID-19 la

Menmsi pwoblèm medikal yo ki mare ak COVID-19 la kay timoun 5-11 an yo pa grav, vaksinasyon timoun yo gen kèk avantaj:

- timoun nan jwenn 90.7% pwoteksyon kont maladi a ak vaksen Pfizer-BioNTech (Comirnaty)
- Redwi risk pou timoun nan devlope yon fòm grav nan maladi a, SIME (e petèt COVID long)
- Redwi risk pou timoun nan transmèt maladi a, sa ki ede pwoteje moun frajil yo, epi ki ede diminye sikilasyon viris la nan kominote a ak risk pou viris la tounen nouvo varyant.
- Redwi risk pou kontamine nan lekòl la, sa ki diminye posiblite fèmèn klas yo ak lòt traka pou timoun yo, fanmi yo ak lekòl yo.
- Amelyore sante mantal ak diminye enkyetid kay kèk timoun ak paran yo
- Posibilite amelyore devlopman ti moun yo ak pwogram eskolè yo gras a yon prezans san rate nan lekòl la ak yon sosyalizasyon pi estab

VAKSINASYON POU TIMOUN 5 A 11 AN KONT COVID-19 LA

Èske kèk timoun pi oblije pran vaksen an pase lòt?

Timoun ki gen system iminitè yo pa pwoteje oswa ki gen maladi kwonik gen yon ti kras pi gwo risk pou yo gen enfeksyon grav ak COVID-19, sa ki ka fè vaksinen yo a espesyalman bay avantaj

Èske yon timoun ki deja genyen COVID-19 la ta dwe pran vaksen an?

Lè ou finn pran maladi a, w gen mwens risk pou pran l ankò, men dire tan ke w pwoteje a pa sèten. Li rekòmande pou bay timoun ki te deja gen maladi a yon dòz vaksen (omwens 8 semèn apre yo te gen maladi a) pou ogmante repons iminitè yo ak pwolonje peryòd pwoteksyon yo..

Efè segondè posib apre vaksinasyon an

Effets bénins dans les 2-3 jours : rougeur, douleur et gonflement au site d'injection, ganglions sous le bras, réactions systémiques (fièvre, fatigue, maux de tête, douleurs musculaires). Les réactions systémiques sont moindres avec la dose pédiatrique donnée aux 5-11 ans (10µg plutôt que 30µg).

- Efè ki ka geri nan 2-3 jou: woujè, doulè ak anfleman nan kote li pran piki a, glann anba bra a, reyaksyon nan tout kò a (lafyè, fatig, maltèt, doulè nan misk). Reyaksyon sa yo mwens ak dòz yo bay timoun 5-11 ane (10µg e non 30µg).
- Nan 14 jou, risk ki ba anpil pou myokardit oswa perikardit (enflamasyon nan misk la oswa anvlop kè a, ak sentòm tankou doulè nan pwatrin, palpitasyon, souf kout, fatig, lafyè). Pami timoun 12-17 ane nan Quebec, yo te rapòte 3 ka myokardit pou chak 100,000 dòz vaksen an, espesyalman kay ti gason 16-17 ane apre 2yèm dòz la. Ka yo pat grav epi yo te geri byen ak swen e repo, epi sentòm yo pat dire. Enfòmasyon nan peyi a montre ke risk la pi piti lè gen yon espas omwens 8 semèn ant de dòz yo.
- Pami 3,000 timoun ki gen 5-11 ane ki te pran vaksen an pandan yo tap eseye Pfizer-BioNTech nan klinik, yo pa te rapòte okenn ka myokardit oswa perikardit. Menm si echantyon sa a twò piti pou elimine yon risk, ou ka kwè ke risk sa a toujou pi ba pase kay timoun ki gen 12-17 an. An tou ka, yon siveyans estrik, san lage sou efè segondè vaksen an (famakovijilans) ap rapousiv.

Èske vaksen an ka gen efè segondè apre kèk tan sou timoun yo?

- Pa gen okenn etid ki montre ke nenpòt ki vaksen ka gen efè segondè plizyè ane apre yo fin bay li. Efè segondè yon vaksen rive kèk semèn oswa mwa apre yo te bay li. Yap tan ke menm bagay la rive tou pou vaksen ARN mesaje yo..
- Yap itilize Teknoloji ARN mesaje depi plizyè ane nan medsin. Se yon resèt yo bay kò nou pou li devlope antikò kont yon viris. ARNm pa chanje materyèl jenetik nou an. Kò a elimine ARNm nan, nan kèk èd tan, Li kite sèlman antikò ke kò a te devlope e ki tou pare pou konbat viris la.
- Depi Desanm 2020, yo te administre plizyè santèn milyon vaksen ARNm epi yo kontwòle ak anpil atansyon reyaksyon dezagreyab yo.



VAKSINASYON POU TIMOUN 5 A 11 AN KONT COVID-19 LA

VAKSINEN PITIT OU AN, KI SA WAP DESIDE

Ki jan pou pran bon desizyon pou pitit ou a? Sijesyon:

TOU DABO

- Rete kwè ke, antanke paran, nap baze sou konesans ki disponib pou nou pran meyè desizyon pou sante pitit nou kounye a ak nan jou kap vini yo.
- Aksepte ke emosyon ak eksperyans pèsònèl, familyal ak kolektif nou nan zafè vaksinasyon oswa sistèm sante a kapab enflyanse desizyon nou epi fè nou pran yon pozisyon ki pa menm ak pa lòt moun.
- Rekonèt ke emosyon nou, pozisyon nou ak desizyon nou ka chanje nan yon ti tan.

PRAN ENFÒMASYON

- Pran enfòmasyon kote ki pi serye posib (gade nòt ki anba a).
- Si sa nesèsè, pale de enkyetid nou yo ak yon pwofesyonèl sante nou fè konfyans.

BYEN REFLECHI SOU AVANTAJ AK DEZAVANTAJ YO

- Nan wòl paran, nou analize avantaj ak dezavantaj yo chak jou anvan nou pran yon desizyon pou pitit nou oswa fanmi nou, nap fè menm jan pou vaksinen pitit nou kont COVID-19.
- Chak paran ak chak fanmi konprann avantaj ak dezavantaj sa yo nan fason pa yo. Nou dwe respekte diferans yo ki marandè ak modele, eksperyans, istwa fanmi yo ki trè diferan yon a lòt.
- Li enpòtan pou w pran san w pou byen reflechi.

PALE DE SA

- Pale de enkyetid nou ak fanmi nou, nan yon anbyans konfyans ak respè diferans.
- Lè nou pa dakò, koute lòt moun, pa eseye konvenk pèsonn, pa jije enkyetid yo oswa chwa yo.
- Ankouraje tou sa ki ini nou menm si nou pa dakò. Pa dakò a pap anpeche nou ansanm menm jan nou fè ak lòt kalite dezakò (politik, lengwistik, relijye, espòtif, mizik, elatriye).

BAY AVANTAJ A YON POZISYON KE TOUT PARAN YO AKSEPTE

- Ankouraje dyalòg ant paran ki nan menm fanmi an, epi pran yon abit si sa nesèsè pou rive a yon sel pozisyon ki pral pwoteje timoun yo kont hinghang epi pwoteje antant nan fanmi an.
- Sil pa posib pou yon akò jwenn, eksplike pitit nou ke papa li ak manman l pa panse menm jan, men yo tou de renmen l epi se byen yo vle pou li. Si gen yon dezakò, tribinal la ka pran desizyon an, men lap trè di pou ti moun nan ki wè tèt li nan mitan dezagreman an.

PALE AK PITIT NOU

- Pale ak pitit nou sou wòl vaksen yo nan yon fason ki apwopriye pou laj yo (gade nòt ki anba a).
- Asire'l ke, antanke paran, n ap pran desizyon nou panse ki pi bon pou li, menmsi lòt paran yo pran lòt desizyon diferan.
- Koute epi asire pitit nou an konsènan lapèrèz li ka genyen (pè pou transmèt maladi a, pè sereng oswa piki, pè doulè, pè efè segondè vaksen an, epi nan ka ke desizyon an se ta pa pran vaksen an, pè, pou yo jije l oswa mete l deyò).
- Si sa posib, fè pitit nou an santi li patisipe nan desizyon fanmi an.
- Si desizyon an se pran vaksen an, epi si timoun nan swete l, pale avè l sou fason pou l diminye laperèz li nan jou vaksen an (li avèk yon fanmi oswa yon zanmi, pale sou yon bagay li renmen, distrè l ak yon liv oswa yon lòt bagay, ale nan yon klinik kote yo fè zooterapi).

RESPECTER LE CHOIX DES AUTRES FAMILLES

- Chwa lòt paran yo lejitim e nou dwe respekte yo menm jan ak pa nou, menmsi li pa menm ak pa nou e si sa ka enkyete nou oswa fè nou fache.
- Malgre dezakò posib yo, rete janti epi cheche konprann lòt moun, ak fè relasyon yo pase anvan lòt bagay.
- Pozisyon ki pa menm pou tout moun alantou vaksinasyon an ka bay pwoblem e aji sou timoun yo (konfli dwati, santiman ke yo rejte w, kaponay, silans, repwòch, pèdi zanmi). Li enpòtan pou pwoteje timoun yo kont pwoblem sa yo. Pou tèt sa fò nou pa pran yon pozisyon kategorik sou vaksinasyon an, fò nou pa fè diskou kote nap bay moral oswa rann moun koupab, fò nou respekte tout chwa paran yo.

VAKSINASYON POU TIMOUN 5 A 11 AN KONT COVID-19 LA

SOUS ENFÒMASYON POU TIMOUN SOU VAKSEN KONT COVID-19

Videyo

Squat Télé-Québec, *Le vaccin à ARN messenger*
<https://squat.telequebec.tv/videos/13712>

Squat Télé-Québec, *La peur des vaccins*
<https://squat.telequebec.tv/videos/13658>

Les guerriers de l'immunité, BD développée par Dr. Wilson, Ottawa

https://daks2k3a4ib2z.cloudfront.net/590b8e49d2de1d32ccaefb53/59c12b021de2e0000153471f_immunity_warriors_french-compressed.pdf

For younger kids: Just a Vaccine, by Southern Ohio Medical Center

<https://www.youtube.com/watch?v=aiXDWFBJ7I>

Valiant Vaccine Versus the Vicious Virus, by Dr. Dery and Dr. Griggs

<https://www.youtube.com/watch?v=VQIESFpg65g>

Kesyon repons

Les Débrouillards, *Vaccin contre la COVID-19*
<https://www.lesdebrouillards.com/quoi-de-neuf/vaccination-des-enfants-contre-la-covid-19-on-repond-a-vos-questions/>

Institut national de santé publique du Québec (INSPQ), Vaccination contre la COVID-19 chez les jeunes âgés de 5 à 11 ans

<https://www.inspq.qc.ca/covid-19/vaccination/5-11ans>

Doctor Answers Kids' Questions about COVID Vaccine, CBC Kids

<https://www.cbc.ca/kidsnews/post/watch-doctor-answers-questions-about-covid-19-vaccine-for-kids-under-12> (video)

How to Handle Your Shots Like a Champ, by Kids boost immunity

<https://kidsboostimmunity.com/champ> (info and video)

COVID-19 Vaccine FAQ (5-11 year-olds), Sick Kids Hospital, Toronto

<https://www.aboutkidshealth.ca/Article?contentid=4001&language=English>

PRAN YON RANDEVOU

Vaksen COVID-19 la gratis epi disponib pou tout moun, kèlkeswa sityasyon yon moun, avèk oswa san kat RAMQ. Timoun ki gen 5 ak 11 an ka pran vaksen nan yon klinik vaksinasyon (avèk oswa san randevou), oswa nan lekòl la.

Si w gen kesyon sou vaksinen timoun 5-11 an, ale sou sit:

quebec.ca/vaccinjeune

Pou pran yon randevou, ale nan Portail Clic Santé

portal3.clicsante.ca

oswa rele

1 877 644-4545